

# GID POU JETE PIL YO :

Pil yo ka lakòz **dife!** Men kouman pou sèvi ak jete chak kalite pil

## POTE YO NAN KOTE OU ACHE YO AK / OSWA NAN SANT MINISIPAL POU RESIKLAJ PIL LA

Kouvri bòn pil yo avèk riban adezif, epi pote pil yo nan kote ou achte yo oswa nan sant minipal pou resiklaj pil ize a



**Lithium-Ion Rechajab:** Ou jwenn pil sa yo nòmalman nan telefòn selilè, ak òdinatè pòtab, ak ti zouti ki mache ak kouran. Si yo domaje, yo ka pran dife fasil.

**AA, AAA, C, D, 9V (Ni-Cad) Rechajab:** Pa mete pil rechajab nan fatra ni nan resiklab. Yo ka gen ladan yo metal lou, ki se yon danje pou sante moun ak pou anviwonman an.

**Bouton:** Pil sa yo gen yon dyamèt anviwon 1/3 pous. Ou jwenn yo nòmalman nan pwotèz pou tande. Gen anpil ki genyen mèki ; pote yo nan yon sant minipal pou resiklaj pil ize.

## TRETE YO TANKOU DECHÈ KAY KI GEN DANJE

Rele sant resiklaj nan minisipalite oswa nan kominote ou, pou enfòmasyon sou tretman dechè kay ki gen danje



**Lithium-Òdinè:** Pil pou lakay sa yo fèt nan plizyè gwosè, ki kapab genyen ladan yo pil plat ki gen fòm yon nikèl, epi yo ka pa rele yo pil lithium. Pa mete yo nan fatra, ni nan resiklab paske si yo domaje oswa si yo pa bon, yo kapab mete dife. Kouvri bòn pil sa yo avèk riban adezif, epi manyen yo avèk prekosyon.

**Pil Plon Asid oubyen Sele:** Ou jwenn pil sa yo souvan nan oto, nan tondèz pou gazon, ak nan kèk zouti. Yo konn aksepte yo nan estasyon transfè, oubyen chanje yo lè ou achte sa ki nèt. Si yon pil plon asid koule, yo konsidere li tankou yon dechè ki gen danje.

## PIL KI PA GEN DANJE

Kalite pil sa yo pa gen mèki ladan yo ankò, kidonk yo mèt jete yo nan fatra.



Tradisyonnèl pou Chak Jou (AA, AAA, C, D, 9V): Pil alkalèn ki sèvi yon sèl fwa.

**Reworld**  
.....